# TUT TEREGINIŃ QÁWIPLI ZIYANKESLERI HÁM OLARDIŃ KELTIRETUǴIN ZIYANI

DOI: https://doi.org/10.66073/ReFocus-Conf/QAXAI/1060

**G.E.Abdrimova**
Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutı Jipekshilik kafedrasi baslıǵı, dotsent
**S.Djumagalieva**
Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutı Jipekshilik qánigeligi magistri

## ANNOTATSIYA

Bul teziste tut teregine zıyan keltiretuǵın eń qáwipli zıyankesler, olardıń biologiyalıq ózgeshelikleri, tarqalıwı hám tut plantaciyalarına keltiretuǵın ekonomikalıq zıyanları qarastırıladı. Sonday-aq zıyankeslerdi waqtında anıqlaw, olardıń sanın kemeytiw hám tut plantaciyaların qorgʻaw usıllarına ayrıqsha itibar berilgen. Tut jipek qurtınıń tiykarǵı azıq bazası bolǵanlıqtan, tut tereginiń salamat ósiwi pilleshilik tarawınıń rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye.

***Gilt sózler:*** *Tut teregi, zıyankesler, tut qalqanlı biti, órmekshi kene, japıraq kemiriwshi qurtlar, biologiyalıq qorgʻaw, pilleshilik, ósimlikti qorgʻaw, agrotexnikalıq ilajlar.*

**Kirisiw:** Tut teregi pilleshilik tarawınıń tiykarǵı azıq bazası esaplanadı. Jipek qurtınıń sapalı hám mol ónim beriwinde tut japıraǵınıń qáwipsizligi menen sapası áhmiyetli orın tutadı. Sońǵı jıllarda klimat ózgerisleri, agrotexnikalıq ilajlardıń tolıq orınlanbawı hám zıyankeslerdiń kúshli kóbeyiwi nátiyjesinde tut plantaciyalarında bir qatar qáwipli zıyankesler keń tarqalmaqta.

Tut teregine zıyan keltiretuǵın zıyankesler japıraqlardı, jas nállerdi, butaqlardı hám tamır sistemasın zıyanlandırıp, ósimliktiń normal ósiwine keskin tásir etedi. Bunday jag'daylarda japıraq ónimi kemeyedi, jipek qurtınıń aziq bazası tómenleydi hám pille ónimdarlıǵı azayadı. Ayrım zıyankesler ósimlikten shirin sorıp, fotosintez processin buzadı, al basqaları japıraqlardı tolıq jep qoyıp, tut tereginiń ósiw kúshin álsiretedi.

Tut tereginde kóbirek ushırasatuǵın qáwipli zıyankeslerge tut qalqanlı biti, órmekshi kene, tut kóbelesegi hám basqa japıraq jemiriwshi qurtlar kiredi. Bul zıyankesler qolay hawa-rayı jag'daylarında tez kóbeyip, qısqa waqıt ishinde úlken maydandardaǵı tut plantaciyalarına zıyan jetkiziwi múmkin.

Tut qalqanlı biti eń qáwipli zıyankeslerden biri bolıp, ol tut tereginiń butaqları menen japıraqlarınan shirin sorıp azıqlanadı. Nátiyjede japıraqlar sarǵayadı, quraydı hám waqtınan burın túsip qaladı. Órmekshi kene de japıraq betinde jasap, ósimlik shirinlerin soradı. Bul zıyankes kóbeygen waqıtta japıraqlardıń fotosintez qabiletin tómenletedi hám ónimdarlıqqa salmaqlı zıyan keltiredi.

Japıraq kemiriwshi qurtlar hám kóbeleklerdiń qurtları tut japıraqların tikeley jep, aziq bazasınıń kemeyiwine sebep boladı. Ásirese jas japıraqlar zıyanlanǵanda tut tereginiń keyingi ósiwi álsireydi. Bul bolsa jipek qurtın baǵıwda qıyınshılıqlar tuwdıradı.

Sonlıqtan tutteregin qáwipli zıyankeslerden qorg'aw, olardı waqtında anıqlaw hám nátiyjeli qarsı kúres ilajların qollanıw bugingi kúnde pilleshilik tarawınıń eń áhmiyetli máseleleriniń biri bolıp esaplanadı. Agrotexnikalıq, biologiyalıq hám ximiyalıq qorg'aw usılların birgelikte qollanıw arqalı tut plantaciyalarınıń ónimdarlıǵın saqlap qalıw múmkin.

**IZERTLEW USILLARI:** Bul izertlew jumısında tut tereginiń qáwipli zıyankeslerin anıqlaw, olardıń biologiyalıq qásiyetlerin úyreniw hám keltiretuǵın zıyanın bahalaw maqsetinde birneshe ilimiy usıllardan paydalanıldı.

Birinshiden, ádebiyat dereklerın analizlew usılı qollanıldı. Bul usıl arqalı tut tereginiń tiykarģı zıyankesleri, olardıń tarqalıwı hám qarsı kúres ilajları haqqındaģı ilimiy maģlıwmatlar úyrenildi.

Ekinshiden, dala baqlawları alıp barıldı. Tut plantaciyalarında ósip turģan terekler baqlanıp, zıyankesler menen zıyanlanģan japıraq hám butaqlar anıqlandı. Zıyankeslerdiń sanı, tarqalıw dárejesi hám zıyan keltiriw intensivligi esapqa alındı.

Úshinshiden, salıstırmalı analiz usılı qollanıldı. Sapaģa iye tut terekleri menen zıyanlanģan tereklerdiń ósiw kórsetkishleri, japıraq ónimdarlıģı hám jaģdayları salıstırıldı.

Sonday-aq alınģan maģlıwmatlar statistikalıq qayta islew usılları járdeminde sistemalastırılıp, tiyisli juwmaqlar jasaldı.

**IZERTLEW NÁTIYJELERI:** Izertlew nátiyjeleri tut tereginde eń kóp tarqalģan zıyankesler sıpatında tut qalqanlı biti, órmekshi kene hám japıraq kemiriwshi qurtlar ushırasatının kórsetti.

Baqlawlar dáwirinde zıyankesler menen zıyanlanģan tut tereklerinde japıraqlardıń sarģayıwı, qurawı hám waqtınan aldın túsip qalıwı baqlandı. Ásirese tut qalqanlı biti menen kúshli zıyanlanģan tereklerde japıraq massası aytarlıqtay kemeygenligi anıqlandı.

Órmekshi kene tarqalģan maydanlarda japıraqlardıń fotosintez belsendiligi tómenlep, tereklerdiń ósiw procesi álsiregenligi belgili boldı. Bul bolsa japıraq ónimin 15–25 % ke shekem kemeytiwi múmkin ekenligin kórsetti.

Japıraq jemiriwshi qurtlar kóbeygen jaģdaylarda tut japıraqlarınıń úlken bólegi zıyanlanıp, jipek qurtları ushın azıq bazasınıń jetispewshiligine alıp kelgeni anıqlandı. Nátijede pille ónimdarlıģı hám sapası tómenlegen.

Izertlew dawamında agrotexnikalıq ilajlardı waqtında orınlaw, sanitariyalıq tazalaw jumısların alıp barıw hám biologiyalıq qorg'aw usılların qollanıw zıyankesler sanın sezilerli dárejede kemeytiwi múmkinligi anıqlandı.

Alınģan nátiyjeler tut plantaciyaların qáwipli zıyankeslerden qorg'aw boyınsha ilimiy negizlengen usınıslar islep shıģıw ushın tiykar bolıp xızmet etedi.

## FAYDALANǴAN ÁDEBIYATLAR


1. AxmedovN, MurodovS. - «Ipakchilik asoslari» - T. «Oqituvchi» 1998. Darslik
2. Axmedov N., Murodov S -"Ipak qurti ekologiyasi va boqish agrotexnikasi". -T." " 2004.Oquv qollanma
3. Mirzayeva Y.Y "Tutchilik"(Uslubiy qo'llanma). TashDAU "Tahririyat-nas'hriyot". Toshkent 2022 y.
4. Abduraxmanov A.Rojdestvenskiy-" Ipak qurti uruǵchiligi va naslchiligi". T.:1991 .Darslik.
5. Abdrimova G, Mirzayeva Yo. Tut ipak qurti biologiyasi -T 2024
6. Bekkamov Ch.I, Daniyarov U.T, Abdikayumova N.K, Rajabov N.O. «Ipakchilik va tutchilik» darslik 2018
7. Abdrimova.G Oripov.O "Tutchiliq"(Oqiw qollanba). Nukus 2022 y.